

A Start of a Winning Season/ Kòmansman yon sezon bizbòl

Prentan se yon sezon ki **atire** anpil **spektatè** ki gen diferan kondisyon sosyal nan Florid, akòz jwè “baseball” Ameriken yo tankou: (Atlanta Braves, Baltimore Orioles, Cleveland Indians, ak Los Angeles Dodgers) ki vini nan **entrènman**. Luis Menendez se yon jwè sipèb nan ekip “Tornadoes” ki sòti nan Dominikèn Repiblik, peyi ki sou menm zile ak Ayiti a.



Ana te ale gade jwè yo ki tap antrene, lachte you boul lè l te Orlando pou mande Luis pou li siyen **òtograf** li sou li. Pandan Ana tap gade Luis ap jwe, li remake de tanzandan li tap eseye menyen yon chenn ki nan kou l.

Piblik la tap **aplodi** apre yon bèl pèfòmans Luis te fè. Ana remake Luis manyen kou li e gade sou zèb la. Luis sanble l **distre**, li pa t ap ri ankò. Apre antrènman an, Ana ale jwenn yon gwoup timoun ki tap mande Luis pou siyen òtograf pou yo. Luis di yo li pap sa fè sa kounye a. Li di “Mwen pèdi bag kite nan chenn mwen an”. Luis te tris e li vire do l lale.

Pandan Ana prale, nan pakin la, li gade boul la nan men li di: “Mwen te di tout moun map fè yo jwenn otograf Luis, mwen **swete** l jwenn bag la”. Menm moman li di sa a, li wè yon bagay klere nan zèb la. Lè l gade pi pre se te bag la. Ana rele fò: Mesye Menendez! Mwen jwenn bag ou pèdi a. Luis souri e di Ana mès, l esplike se yon kado fanmi l ba li. Luis mande Ana ki sa pou l ba l. Ana reponn, rezon ki fè l vini, se paske l di zanmi l yo “l ap fè yo jwenn otograf ou”. Luis souri ankò, li mande Ana si l toujou vini nan antrènman chak ane. Ana reponn “non, se premye fwa”. Luis reponn mwen menm tou, epi li siyen otograf la sou boul Ana a.

“Mwen espere wè w ane prochèn e swete nou tou de **ranpòte laviktwa**”. Ana di l mesi ak yon **kontannman** e li pa ka rete tann pou lòt **kamarad** li yo wè bou li a.

A Start of a Winning Season/ Kòmansman yon sezon bizbòl

Activities

Preparing to Read

- Discuss the title with students and have them look at the pictures.
- Ask them to predict what the story might be about.
- Ask students what they already know about baseball spring training in Florida.

Vocabulary (Highlighted words in the story)

- Use graphic organizer

Supporting Comprehension

- Why Ana does want Luis Menendez autograph?

Pou kisa Ana te vle otograf Luis Menedez?

- What clues in the story show that Luis ring important to him?

Ki endis nan istwa a ki montre bag Luis la te enpòtan pou li?

- Why does Ana think the ring might be behind the outfield fence.

Pou kisa Ana panse bag la te ka dèyè baryè teren an?

- What problem prevents Ana from getting Luis's autograph?

Ki pwoblèm ki anpeche Ana jwenn otograf Luis?

- What does Ana do to try to solve her problem?

Kisa Ana fè pou eseye rezoud pwoblèm nan?

- How do you think the problem will be resolved?

A Start of a Winning Season/ Kòmansman yon sezon bizbòl

Ki jan w panse pwoblèm nan pral rezoud?

- Why does Luis smile at Ana?

Pou kisa Luis souri?

- What makes the ring special for Luis?

Kisa ki fè bag la espesyal pou Luis?

- What do Luis and Ana have in common?

Kisa Luis ak Ana gen enkomen?

At the end of the story review the plot. Student will name the main characters

Have student explain the problem in the story and how it was solved..

- Use graphic organizer

Read, Think, Explain

In your own words, tell how Ana resolves the conflict in the story. Use details from the story to support your answer.

Explain how Luis's behavior changes when Ana finds his ring. Use details from the story to support your answer.